



Pou Piblikasyon Imedya: 14/03/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KANPAY APLIKASYON LWA KONT MOUN K AP KONDUI AK KAPASITE AFEBLI AK KANPAY EDIKATIF NAN TOUT ETA A PANDAN WIKENN FÈT SEN PATRIK LA

Kanpay Eta ak lokal la ap fèt apati 15 mas jiska 17 mas

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a plis patwouy Lapolis Eta New York ak lapolis lokal yo pou lite kont moun k ap kondui sou enfliyans alkòl ak dwòg epi san pridans pandan selebrasyon Fèt Sen Patrik la k ap kòmanse nan tout eta a. Detay sou aplikasyon lwa sou sikilasyon sa a pral fèt vandredi 15 mas rive dimanch 17 mas 2024. Sa a se youn pami plizyè Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè a (Governor's Traffic Safety Committee, GTSC) finanse chak ane.

"Kòm yon Nouyòkè dorijin llandè, mwen vle asire nou tout ka selebre Fèt Sen Patrik la san danje epi ak responsablite", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Pa gen absoliman okenn eskiz pou kondwi anba enfliyans dwòg oswa alkòl, epi si w ap selebre, planifye davans pou w rive lakay ou an sekirite."

Ansanm ak ogmantasyon patwouy DWI ak pòs kontwòl pou moun ki sob, chofè yo ka prevwa wè fòs lòd yo bay kontravansyon pou chofè ki distrè yo k ap itilize aparèy elektwonik pòtatif pandan peryòd aplikasyon lwa sa a. Lapolis Eta New York pral egalman reyalize verifikasyon nan etablisman vant an detay yo ki sible konsomasyon alkòl minè ak vant ilegal bay minè pandan kanpay la.

Komisè Depatman Veyikil a Motè (Department of Motor Vehicles, DMV) a ak Prezidan Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè (Governor's Traffic Safety Committee, GTSC) a, Mark J. F. Schroeder, te deklare, "Si ou pral selebre, selebre yon fason responsab. Mete sekirite an premye ka anpeche trajedi ki koze pa kondwie ensousyan oswa kondwit distrè. Deziyen yon chofè modere pou rive lakay ou san danje san ou pa mete tèt ou oswa lòt moun an danje. Tout sa li mande se etap senp pou ede kenbe wout nou an sekirite epi sove lavi."

Sirentandan Pwovizwa Lapolis Eta New York la, Steven G. James, te deklare, "Lapolis Eta New York la rekòmande pou tout moun gen yon plan pandan Jounen Fèt Sen Patrik sa a. Fè sekirite vin pi gwo priyorite, fè aranjman pou yon vwayaj lakay ou ki modere, epi pa pran risk pou tèt ou oswa pou lòt moun sou wout yo. Lapolis Eta a ak

patnè fòs lòd yo rete vijilan pou kenbe wout nou yo an sekirite epi yo pral gen zewo tolerans anvè chofè ki nan kapasite afebli ak irresponsab yo."

Pandan kontwòl lapolis pou moun k ap kondwi ak kapasite afebli nan Fèt Sen Patrick ane pase a, lapolis Eta a te arete 959 chofè pou DWI, yo te bay 188 kontravansyon pou chofè ki distrè dèyè volan ak 21,282 kontravansyon an total.

Vyolasyon	Kantite Kontravansyon
Kondui avèk Kapasite Afebli	959
Kondi Distrè	188
Vyolasyon Lwa Mete w Akote a	152
Lòt Vyolasyon	14,651
Senti sekirite	488
Eksè Vitès	4,844
Montan Total	21,282

Moun k ap kondwi sou yo touye plis pase 11,600 moun chak ane nan tout nasyon nou an. Yon moun mouri chak 45 minit nan yon aksidan ki gen rapò ak alkòl, yon mwayèn 32 moun pa jou, epi chak grenn lanmò sa yo te ka evite.

Lè ou chwazi kondwi anba enfluyans alkòl sa ka mete fen nan lavi w oswa nan lavi yon lòt moun. Pandan Jounen Fèt Sen Patrik sa a, ou ka ale nan prizon, pèdi lisans ou, to asirans ou ka vin pi elve, ak plizyè douzèn depans ki enprevi.

Lapolis Eta New York la ak Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè (GTSC) a mande w pou w pran angajman pou w swiv etap fasil sa yo pou w ka jwi yon fèt an sekirite san w pa mete lavi an danje sou wout la.

- Anvan fèt yo kòmanse, planifye yon fason ki sekirize pou ou rantre lakay ou.
- Anvan ou kòmanse bwè, chwazi yon chofè ki gen tèt klè epi kite kle machin ou lakay ou.
- Si ou gen kapasite afebli, itilize yon taksi oswa sèvis woulib pataje yo, rele yon zanmi oswa manm fanmi ki pa anba enfluyans alkòl, oswa itilize transpò piblik pou w ka sèten w ap rantre lakay ou san danje.
- Si disponib, itilize pwogram kondwi avèk tèt klè kominote a.
- Si ou remake yon chofè ki anba enfluyans alkòl sou wout la, rele depatman lapolis lokal la. Ou kapab sove yon lavi.

Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè a (GTSC) [aplikasyon telefòn selilè "Have a Plan" ak Fondasyon STOP-DWI Eta New York lan](#) disponib pou telefòn entèlijan [Apple](#) ak [Android](#) yo. Aplikasyon an pèmèt moun New York yo lokalize epi rele yon sèvis taksi ak pwograme yon lis chofè ke yo chwazi. Li ap bay enfòmasyon tou sou lwa ak sanksyon DWI yo, ak yon fason pou moun rapòte yon chofè ke yo sispèk ap kondwi ak kapasite afebli.

Nouyòkè yo ki gen difikilte avèk yon adiksyon, oswa yon pwòch ki gen difikilte, ka jwenn èd ak lespwa lè yo rele liy telefòn gratis Eta a, HOPEline 24 èdtan, 7 jou pa semèn nan 1-877-8-HOPENY (1-877-846-7369) oswa lè ou voye tèks HOPENY (Kòd Kout 467369).

Ou ka jwenn trètman pou adiksyon ki disponib ki genyen ladan yo swen pou kriz/dezentoksikasyon, swen malad ki etène yo, rezidans kominotè, oswa swen konsiltasyon ekstèn, lè w itilize [Panèl Disponibilite Trètman NYS OASAS la](#) nan FindAddictionTreatment.ny.gov oswa atravè [sitwèb NYS OASAS la](#).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)